Ma yee fiy gaa

Ma yee fi gaa ñiy bañ a diglu'y wolofal

bañ xam ni yàlla buur bi mooy ki man a fal.

Ngir wolafal mooy wolli tool i xol yi

Di yokk gëm yi faf di wubbi xel yi

Buur yàlla moo bindoon araab bind wolof

Tàggale làmmiñ ya ta yàlla moo ko def

Moo sàkk ñay làkk di làkki soose

ak tukkloor ya ak pël ya ak majoosi

Pël yaa nga naa mbiimi wolof naa da ma ne

Te Yàlla xam na seen i wax fuñ man a ne

Pël yaa nga naa mojji wolof naa baax na

Te Ku ci wax buur Yàlla xam ni wax na

Yàlla du buur buy gàntu mbaa muy gënale

loo fa amul ci yaw la yaw miy yàllale

Ñu njëkk ña ak ñu mujj ñii la yamale

Ku ko jëfal mu fay la moom du tappale

Wasaabixuunas-saabixuuna moo ko wax

waaye du tee ñi mujj a ñëw daf leen di jox

Wolof ni njëkk a fecc tëxta mujje

Ab géew Ku mujj a fecc pël naa mójji

Waxi wolof ak waxi yaaraam ñoo yam

Dégg na làkk ak wolof ak yaaram

Ci jamonoy noohin la wax ya tàggaloo

waaye jullit seen yéene dootul tàggaloo

Loo yéene mbaa nga laaj ko Yàlla fay la ko

Àddina ak laaxira dellu fay la ko

Soo ko gëmul seetal Ku ndox suuf màtt

Soo ko luggul day faatu faf ni fàtt

Te lugg ay jat la du baati yaaram

Du ay wolof duy làkk Yàlla moo ko xam

Te terewul loo jàng jàng it alxuraan

Soo ko jatul doo wàcce jaani saamaan

Saalaali waalaali te naa ko too kee

Waa ju ko ñaane yàlla xam na kookee

Te loolu Rekk a man a wàcceb njàngóor

Moo tax nga xam ne Yàlla rekk mooy buur

Buur Yàlla loo ko ñaan mu may la loo la

Lu dul nga mel ni Mustafaa fa Yàlla

Ngir bokk ci mbootaayug WAX (Wolof Ak Xamle) jokkool ci limat yii 76 317 83 17 / 78 426 61 25.